

CENTERLIGHT HEALTH SYSTEM¹
LWA 1996 SOU TRANSFERABILITE AK RESPONSABILITE ASIRANS SANTE (HIPAA)
AVI KONJWEN SOU KONFIDANSYALITE pou tout ANTITE KI ASOSYE AVÈ L YO

AVI KONJWEN SA A DEKRI KOUMAN YO KAPAB ITILIZE AK REVELE ENFÒMASYON MEDIKAL OU AK KOUMAN OU KAPAB GEN AKSÈ A ENFÒMASYON SA A. TANPRI LI L AK ANPIL ATANSYON.

ENTWODIKSYON

W ap resevwa Avi Konjwen sa a onon **antite ki asosye ak CenterLight Health System** yo, e li konsène tout enfòmasyon ak dosye ki anrelasyon ak swen ou ke CenterLight Health System ansanm ak anplwaye l yo, volontè l yo, pèsonèl medikal li, ak konsiltan l yo (ke nou refere a yo nan dokiman sila kòm “Nou” oswa “Noumenm”) resevwa oswa kreye. Nou konnen enfòmasyon medikal ou se zafè prive w li ye e ke li konfidansyèl. Deplis, lalwa ekzije ke nou kenbe konfidansyalite enfòmasyon pwoteje sou sante w.

Lalwa ekzije pou nou remèt ou avi sa a ki fè konnen dwa w genyen yo, ansanm ak obligasyon legal nou genyen ak pwosedi nou aplike sou zafè konfidansyalite, nan sa ki konsène enfòmasyon pwoteje sou sante w yo, epitou pou nou respekte kondisyon ki nan avi sa a e ki anvigè koulye a.

ITILIZASYON AK REVELASYON POU TRETMAN, PEMAN, AK ADMINISTRASYON SWEN SANTE

Sa yo rele “Enfòmasyon pwoteje sou sante” se enfòmasyon sou sante yo kapab idantifye endividyleman ke nou transmèt oswa konsève sou nenpòt ki fòm, menm sou fòm elektwonik oswa sou papye. Enfòmasyon sa a pa enkli ladan l enfòmasyon w ap jwenn nan sèten dosye ki konsène edikasyon oswa anplwa.

N ap itilize oswa revele enfòmasyon pwoteje sou sante w yo pou sikontans ki konsène tretman, peman ak administrasyon swen sante.

1. **Pou tretman :** N ap itilize oswa revele enfòmasyon pwoteje sou sante w yo lè pou nou administre, kowòdone oswa jere tretman w ak swen w yo. Nou ka revele enfòmasyon pwoteje sou sante w bay CenterLight Health System ak pèsonèl ki pa fè patide CenterLight Health System ki ka ap patisipe nan ba w swen, tankou doktè, enfimyè, èd enfimyè, teknisyen ki fè terapi ak konsiltan. Pa egzanp, enfimyè k ap ba w swen an pral rapòte bay doktè w tout chanjman li remake nan eta sante w. Nou ka revele tou enfòmasyon pwoteje sou sante w yo bay moun ki pral patisipe nan swen sante w ap resevwa apre ke yo ekzeyate w de enstalasyon CenterLight Health System la.
2. **Pou peman :** N ap revele enfòmasyon pwoteje sou sante w pou nou sa prepare bòdwo oswa resevwa peman pou tretman ak sèvis ke nou founi w yo. Pa egzanp, li ka nesesè pou nou founi enfòmasyon bay plan asirans sante w la osijè de eta sante w, avan ke nou kòmanse founi w sèvis yo, konsa n ap detèmine si plan an ap kouvri sèvis yo, epi apre ke nou fin founi w sèvis yo, si sa nesesè, pou nou jwenn peman nan men yo.
3. **Pou administrasyon swen sante yo :** Tout antite ki kouvri anba CenterLight Health System yo ap itilize e revele enfòmasyon pwoteje sou sante pou sipòte tout aktivite operasyonèl li yo, tankou asire kalite sèvis, jesyon ka, ak tout lòt aktivite jesyon e administrasyon. Nou gen dwa, pa egzanp, itilize enfòmasyon pwoteje sou sante w yo pou fè evalyasyon sèvis CenterLight Health System yo, menm evalyasyon pèfòmans pèsonèl la.

ITILIZASYON AK REVELASYON POU LÒT BI ESPESIFIK

Apade itilizasyon ak revelasyon enfòmasyon w pou tretman, peman ak administrasyon swen sante, nou ka itilize enfòmasyon pwoteje sou sante w yo nan sikontans suivan sa yo :

¹ CenterLight Health System fè referans a tout antite ki anba pwopriyete komin yo rele CenterLight Health System lan. Gen yon lis tout antite sa yo ke yo founi depi 30 septanm 2013 nan dènye paj Avi sa a. W ap jwenn yon lis ajou disponib sou sit entènèt www.CenterLight.org la.

1. Rapèl randevou. Nou kapab kontakte w pou raple w randevou pou tretman oswa swen medikal ou genyen.
2. Lòt opsyon pou tretman ak benefis ki gen rapò ak sante. Nou gen dwa kontakte w pou nou mete w okouran oswa rekòmande w kèk lòt opsyon posib pou tretman oswa kèk lòt benefis ak sèvis ki gen rapò ak sante e ki kapab enterese w.
3. Moun ki patisipe nan ba w swen oswa peman pou swen ou resevwa. Nou ka revele enfòmasyon sou ou bay fanmi w oswa zanmi w, oswa bay nenpòt moun ke ou ta idantifye tankou yon moun k ap patisipe nan swen w, pa egzanp, nou ka revele ki kote w ye, eta jeneral sante w oswa lanmò w. Epitou nou ka revele enfòmasyon pwoteje sou sante w yo, lè sa nesesè, pou pèmèt moun sa yo al pran medikaman yo preskri w nan famasi, nenpòt founiti ak lòt atik, si, dapre ijiman pwofesyonèl nou fè, nou panse ke li nan enterè w pou nou fè sa. Lè li posib, n ap ba w opòtinite pou w di ou pa dakò pou nou revele enfòmasyon sa yo.
4. Anyè enstalasyon an. Sòf si w di w pa dakò, n ap enkli enfòmasyon ki konsène w nan anyè enstalasyon an si ou se yon pasyan oswa yon rezidan nan yon enstalasyon CenterLight Health System. Enfòmasyon sa a ka gen ladan 1 non w, kote w ye ak eta jeneral sante w, ansam ak reliyion w. Nou ka revele enfòmasyon ki nan anyè a, sof apatenans reliye w, bay moun ki mande pou ou pa non w. Nou ka revele enfòmasyon w ki nan anyè a, ansam ak apatenans reliye w, bay yon manm klèje.
5. Sekou lè gen katastwòf. Nou ka revele enfòmasyon pwoteje sou sante w bay yon òganizasyon k ap bay asistans sekou lè gen katastwòf.
6. Kanpay finansman. Nou ka kontakte w lè n ap travay pou fè kanpay finansman. Se dwa w pou deside pou pa resevwa okenn komunikasyon nou voye sou kanpay finansman yo.
7. Maketing. Nou pa gen dwa itilize oswa devwale enfòmasyon pwoteje sou sante w (PHI) pou rezon maketing amwenske nou gen otorizasyon w sou papye, pou nou fè sa.
8. Rechèch. Nou ka itilize oswa revele enfòmasyon pwoteje sou sante w nan bi pou nou fè rechèch, selon ekzijans lwa ki aplike sou kesyon an. Tout pwojè rechèch yo sjè a yon pwosesis apwobasyon espesyal ki balanse bezwen rechèch yo ak bezwen konfidansyalite pasyan an.
9. Enfòmasyon jenetik. Nou pap itilize oswa devwale enfòmasyon pwoteje sou sante w ki gen enfòmasyon jenetik ladann e pou rezon souskripsiyan asirans. Enfòmasyon jenetik gen ladann, egzamen jenetik pou oumenm oswa pou moun nan fanmi w ak manifestasyon maladi oswa twoub medikal kay manm fanmi w. Rezon souskripsiyan asirans pa enkli detèminasyon asavwa si yon benefis apwopriye medikalman selon Plan Sante CenterLight (CenterLight Health Plan).
10. Enfòmasyon sou sante mantal. Nou pap itilize oswa devwale okenn nòt ki gen rapò avèk sikoterapi oswa lòt enfòmasyon pwoteje sou sante ki anrapò avèk dosye sante mantal ou san ke ou pa bay otorizasyon eksplisit ou sou papye.
11. Militè ak Ansyen konbatan. Si w se yon manm Fòs Lame, nou ka revele enfòmasyon pwoteje sou sante w selon ekzijans otorite lame yo. Deplis nou gen dwa revele enfòmasyon pwoteje sou sante osijè de pèsonèl lame etranjè bay otorite lame etranjè ki apwopriye a.
12. Asirans dedomajman kont aksidan ki fèt nan travay. Nou gen dwa revele enfòmasyon pwoteje sou sante w pou pwogram ki dispanse benefis pou aksidan oswa maladi ki rive akozde travay.
13. Aktivite sante publik. Nou ka revele enfòmasyon pwoteje sou sante w pou rezon aktivite sante publik, tankou : pou anpeche oswa kontwole maladi, aksidan oswa enfimite ; pou rapòte nesans ak lanmò ; pou rapòte abi oswa neglijans

timoun sibi ; n ap bay enfòmasyon sa yo bay moun ki anba jiridiksyon Administrasyon Aliman ak Medikaman (Food and Drug Administration : FDA) pou aktivite ki konsène kalite, sekrite, oswa efikasite pwodui oswa sèvis FDA règlemente epi pou rapòte reyakson medikaman pwovoke oswa pwoblèm ki gen ak pwodui yo ; pou avèti yon moun ki kapab te ekspoze a yon maladi oswa ki gen risk pou l atrape oswa gaye yon maladi oswa yon pwoblèm medikal ; epitou pou avize otorite legal apwopriye yo, lè lalwa mande nou oswa otorize n pou nou fè sa, si nou panse ke yon pasyan viktим de abi, neglijans oswa vyolans domestik.

14. Aktivite sipèvizon sante. Nou ka revele enfòmasyon pwoteje sou sante bay ajans Leta oswa Federal ki sipèvize aktivite nou yo. Aktivite sa yo nesesè paske yo pèmèt gouvènman an siveye sistèm swen sante a, pwogram benefis gouvènman bay yo, e pou asire ke lalwa, règleman ak estanda pwogram yo respekte.
15. Pwosedj jidisyè ak administratif. Nou ka revele enfòmasyon pwoteje sou sante w pou n reponn a yon lòd tribunal oswa administratif. Nou ka revele enfòmasyon pwoteje sou sante w pou nou reponn a yon manda pou konparèt, a yon demann pou rasanble prèv ki pral prezante nan pwose, oswa a nenpòt lòt pwoesis legal. N ap fè efò pou nou avèti w alavans konsènan demann sila yo oswa pou nou obtensi yon lòd k ap pèmèt nou pwoteje enfòmasyon sa yo.
16. Otorite legal. Nou ka revele enfòmasyon pwoteje sou sante lè se yon ofisyèl otorite legal ki mande n sa : selon ekzijans pou respekte yon lòd tribunal, yon manda pou konparèt, yon manda, yon konvokasyon tribunal oswa nenpòt pwoesis sanblab ; pou idantifye ak lokalize yon kriminèl yo sisplèk, yon fijitif, yon temwen kle, oswa yon moun ki disparèt ; osijè de yon viktим zak kriminèl nan sèten sikontans limite ; osijè de lanmò nou panse ki ka fèt akoz yon konpòtman kriminèl ; osijè de konpòtman kriminèl ki ta genyen nan enstalasyon nou yo oswa nan pwogram nou yo ; epitou, pou rapòte enfòmasyon sou yon krim nan sitiyasyon dijans.
17. Ekspè mediko-legal, Medsen lejis, Direktè palwa finèb ak Òganizasyon apwovizyonman ògàn. Nou ka revele enfòmasyon pwoteje sou sante bay yon ekspè mediko-legal, yon medsen lejis, yon direktè palwa finèb, oswa, si w se yon moun ki fè don ògàn, bay yon òganizasyon ki angaje nan donasyon ògàn ak tisi.
18. Aktivite sekirite nasyonal ak sèvis defans : Sèvis pou pwoteksyon Prezidan an ak zòt. Nou ka revele enfòmasyon pwoteje sou sante w bay ofisyèl federal otorize pou aktivite sèvis defans, kont-espyonaj, ak lòt aktivite pou sekirite nasyonal, oswa pou bay Prezidan an, sèten lòt pèsonalite oswa chèf deta etranje pwoteksyon, oswa pou mennen sèten envestigasyon espesyal.
19. Menas grav pou sante oswa sekirite. Annakò ak lalwa ki aplikab e annakò ak estanda ki tabli pou yon konpòtman respektab, nou ka revele enfòmasyon pwoteje sou sante w si, an tout bòn fwa, nou panse li nesesè pou nou anpeche oswa diminye yon menas sou sante w oswa sou sekirite w ki grav e ki ka prezante nan limeda, oubyen sou sante oswa sekirite yon lòt moun oswa publik la. N ap revele enfòmasyon w yo sèlman bay yon moun ki kapab anpeche menas sa a, oswa bay otorite ki la pou fè respekte lalwa pou yo sa idantifye oubyen mete men sou yon endividé.

Remak : Selon lalwa leta ak federal, sèten enfòmasyon pwoteje sou sante, tankou enfòmasyon ki anrelasyon ak VIH, enfòmasyon jenetik, dosye sou abi alkòl ak/oswa sibstans chimik ak dosye sou sante mantal, ka gen pwoteksyon adisyonèl. CenterLight Health System ap konfòme l a pwoteksyon sa yo nan mezi kote yo aplikab.

OTORIZASYON W OBLIGATWA POU TOUT LÒT ITILIZASYON ENFÒMASYON PWOTEJE SOU SANTE W

Pou nenpòt lòt rezon ki pa dekri nan avi sa a oswa si lalwa rekizisyone l, n ap itilize oswa revele enfòmasyon pwoteje sou sante w sèlman si w bannou otorizasyon w alekri. Ou gen dwa anile otorizasyon sa a nenpòt lè, depi anilasyon an fèt alekri, eksepte si nou te deja entante yon aksyon annakò ak otorizasyon ou te bay la, oswa ke w te bay otorizasyon an kòm kondisyon pou obtensi kouvèti asirans e lalwa bay asirè a dwa pou li konteste reklamasyon an.

Nou pa gen dwa devwale enfòmasyon pwoteje sou sante w annechanj pou lajan oswa lòt reminerasyon amwenske nou gen otorizasyon w sou papye, pou nou fè sa.

DWA W GENYEN KONSÈNAN ENFÒMASYON PWOTEJE SOU SANTE W

Ou gen dwa suivan yo konsènan enfòmasyon pwoteje sou sante w :

1. **Dwa pou w mande fè restriksyon.** Ou gen dwa mande pou nou fè restriksyon nan itilizasyon ak revelasyon enfòmasyon pwoteje sou sante w lè se pou kesyon tretman, peman ak administrasyon swen sante. Sepandan, nou pa oblige dakò ak demann ou a (eksepte nan ka ki note piba yo). Ou dwe fè demann ou a alekri.

Nou gen obligasyon pou nou respekte demann ou fè pou nou pa revele enfòmasyon pwoteje sou sante w la si, (premyèman) rezon ki ta fè nou revele enfòmasyon pwoteje sou sante w la se pou kolekte peman oswa pou lòt jan de aktivite operasyonèl (e pa pou rezon tretman), e, (dezyèmman) ke enfòmasyon pwoteje sou sante w la aplike l sèlman a sèvis swen sante ke w déjà peye pou yo annantye ak kòb pòch ou.

2. **Dwa pou w mande komunikasyon konfidansyèl.** Ou gen dwa mande pou resevwa komunikasyon konfidansyèl konsènan enfòmasyon pwoteje sou sante w atravè lòt mwayen komunikasyon oswa nan lòt anplasman altènativ. Pa egzanp, ou kapab mande pou nou kontakte w sèlman nan yon nimewo telefòn byen patikilye. N ap fè efò pou nou akòde w sa w mande yo depi li rezonab. Ou dwe fè demann ou a alekri.

3. **Dwa pou gen aksè.** Se dwa w pou mande pou ou enspekte epi kopye dosye medikal ak faktirasyon w yo ansanm ak tout lòt enfòmasyon alekri ke nou itilize pou nou pran desizyon sou swen w. Genyen sèten sikontans limite kote nou ka refize demann ou fè pou enspekte oswa resevwa kopi dosye w yo. Si nou refize demann ou a, gen sèten sikontans kote ou ka gen dwa pou mande revize refi a. Ou dwe fè demann ou a alekri.

Lè w mande yon kopi enfòmasyon pwoteje sou sante w, nou ka chaje w yon frè rezonab pou kouvri depans ki asosye ak fotokopi yo e ak frè pou poste dosye yo ba ou. Si nou mentni dosye sante w sou òdinatè, lè sa a w ap gen dwa, si ou vle, pou aksede enfòmasyon w sou fòma elektwonik la dirèkteman, oswa w ap gen dwa pou deziyen klèman, ouvètman e espesifikman yon moun ki pou aksede yo. Pou enfòmasyon CenterLight Health System ba ou sou fòma elektwonik yo, l ap chaje w yon frè ki pa p plis pase depans ki te asosye ak travay yo te fè pou egzekite demann ou an.

4. **Dwa pou mande pou yon modifikasyon.** Se dwa w pou mande pou yo fè yon modifikasyon nan enfòmasyon pwoteje sou sante w ke CenterLight Health System klase yo toutotan nou mentni enfòmasyon sa yo. Ou dwe fè demann ou a alekri. Nou ka refize demanm pou modifikasyon w lan si : se pa noumenm ki te kreye enfòmasyon pwoteje sou sante w la ; moun ki te kreye enfòmasyon an alorijin pa la ankò pou li pran aksyon sou demann ou a ; enfòmasyon an pa fè patide dosye medikal oswa faktirasyon w yo, ni nonplis tou CenterLight Health System pa itilize yo pou pran desizyon sou ka w la ; enfòmasyon an pa fè pati otreman de dosye enfòmasyon CenterLight Health System kenbe yo ; oswa si enfòmasyon an kòrèk e konplè, selon sa CenterLight Health System detèmine a.

5. **Dwa pou mande detay sou revelasyon yo.** Se dwa w pou mande yon “kont detaye” sou revelasyon yo fè sou enfòmasyon pwoteje sou sante w. Sa li ye, se yon lis tout revelasyon sou enfòmasyon pwoteje sou sante w ke nou fè bay lòt moun oswa lòt antite. “Kont detaye” a pa p enkli ladan 1 revelasyon ki fèt pou tretman, peman ak administrasyon swen sante, ni revelasyon pou sèten lòt rezon ke ou atann ou a yo.

Pou w fè demann kont detaye revelasyon enfòmasyon pwoteje sou sante w, fòk ou soumèt demann lan alekri. Se pou demann ou a endike yon peryòd espesifik pou yo ba w detay yo (pa egzanp, twa dènye mwa yo), e se pou peryòd sa a kòmanse apre le 14 avril 2003 e se pou l kouvri yon peryòd sis (6) zan apatide lè w fè demann lan. Premye kont detaye ou mande sou yon peryòd douz (12) mwa ap gratis. Si w bezwen lòt kont detaye adisyonèl, nou kapab chaje w yon frè pou kouvri depans pou rasanble lis la.

6. Dwa pou w mande yon kopi avi sa a. Se dwa w pou w resevwa yon kopi avi sa a, menm lè ou te aksepte pou yo founi w li pa vwa elektwonik. Ou kapab mande kowòdonatè swen sante w la pou kopi a, oswa ou kapab vizite sit nou yo nan www.CenterLight.org oswa nan www.CenterLightHealthcare.org kote w ap klike sou seksyon ki make “Enfòmasyon sou nou (About Us)”.
7. Dwa pou avize lè gen yon vyolasyon. Yon vyolasyon se lè genyen akizisyon, aksè, itilizasyon oswa revelasyon san otorizasyon, enfòmasyon pwoteje sou sante ki pat sekirize e ki konpwomèt sekirite oswa konfidansyalite enfòmasyon pwoteje sou sante sa a, selon jan lalwa federal dekri 1 la. Lè yon enfòmasyon pwoteje sou sante “pa sekirize”, se lè yo kapab itilize l, li l, oswa lè yon moun ki pa otorize kapab dechifre l.

Genyen twa eksepsyon nan règleman sou “avi pou vyolasyon” sa a, lè :

- yon manm pèsonèl nou, an tout bòn fwa e san li pa fè eksprè, pran, aksede, itilize oswa revele enfòmasyon an pandan li sou otorite CenterLight Health System oswa youn nan asosye nan biznis li yo ;
- yon moun otorize ki nan CenterLight Health System oswa yon asosye nan biznis li ta revele enfòmasyon an pa megad bay yon lòt moun k ap travay nan menm nivo avè l nan menm enstalasyon an ; oswa
- lè moun ki pa otorize a e ke yo te revele enfòmasyon an ba li, pa gen kapasite rezonab pou li kenbe enfòmasyon an.

Eksepsyon sa yo pa aplike si nenpòt lòt moun ta pran, aksede, itilize oswa revele san otorizasyon enfòmasyon sa a ke yo te resevwa alorijin atravè yon revelasyon. N ap avèti w si nou panse ke yo aksede, pran, oswa revele enfòmasyon pwoteje sou sante w akozde de yon vyolasyon. Se dwa w pou yo avèti w san delè osijède vyolasyon an e, annoken ka, pa pita ke 60 jou kalandriye apre vyolasyon an. Avi a ap genyen ladan l yon deskripsiyon kout de bagay suivan sa yo :

- kisa ki pase ;
- tip denfòmasyon ki konsène yo (pa egzanp, non, nimewo Sekirite Sosyal, dat nesans, adrès lakay, nimewo kont, dyagnostik, nimewo kòd enkapasite, oswa lòt enfòmasyon) ;
- ki etap pou w suiv pou w sa pwoteje tèt ou kont domaj potansyèl ;
- kisa n ap fè pou envestige vyolasyon an, limite tò yo ka fè w, epi pwoteje w kont tout vyolasyon pi devan ; epi
- enfòmasyon pou kontakte nou si w bezwen poze kesyon oswa si w bezwen enfòmasyon adisyonèl.

CHANJMAN NAN AVI SA A

Avi sa a ap anvigè le 14 avril 2003. N ap revize avi sa a nenpòt lè ta genyen yon chanjman materyèl nan itilisasyon oswa revelasyon, nan dwa endividyle ou, nan obligasyon legal nou, oswa nan nenpòt lòt pwosedi sou konfidansyalite ke nou site nan avi sa a. Nou rezève dwa pou nou chanje kondisyon ki nan avi sa a detanzawòt e pou nou rann avi ki revize a efektif pou tout enfòmasyon pwoteje sou sante ke yo te deja resevwa e ke CenterLight Health System te deja gen nan dosye l yo, ansanm ak pou tout enfòmasyon nou gen pou nou resevwa alavn.

KIJAN POU POTE PLENT

Si ou panse ke yo vyole dwa sou konfidansyalite w, ou gen dwa anrejistre yon plent bay Biwo ki okipe kesyon Enfòmasyon Prive a (Privacy Office) nan nimewo telefòn 1-347-640-6103 oswa 1-347-640-6066 oswa ou ka anrejistre yon plent avèk Liy Asistans Anonim nou an (Anonymous Hotline) nan 1-855-788-3937. Ou gen dwa tou pou anrejistre yon plent nan biwo Sekretè pou Lasante ak Sèvis Imen Lèzetazini (U.S. Secretary of Health and Human Services).

MOUN POU KONTAKTE

Si w genyen kesyon pou poze, oswa ou ta bezwen jwenn plis enfòmasyon sou avi sa a, ou kapab kontakte Biwo ki okipe kesyon Enfòmasyon Prive a (Privacy Office) nan nimewo telefòn 1-347-640-6103 oswa 1-347-640-6066.

ANTITE KI ASOSYE AK CENTERLIGHT HEALTH SYSTEM

CenterLight Health System asosye avèk sosyete suivan sa yo k ap travay san pwofi e yo tout konsène pa avi sa a : Sèvis Sante Beth Abraham (Beth Abraham Health Services), Best Choice Home Health Care, Inc., Sant Enfimye ak Reyabilitasyon Schnurmacher (Schnurmacher Center for Nursing and Rehabilitation), CenterLight Healthcare*, Sant Dyagnostik ak Tretman CenterLight Healthcare (CenterLight Healthcare Diagnostic & Treatment Center), Center for Nursing & Rehabilitation, Inc., Sant Enfimye ak Reyabilitasyon Margaret Tietz (Margaret Tietz Nursing & Rehabilitation Center), Enstiti pou Mizik ak Fonksyon Newolojik (Institute for Music and Neurologic Function), Ajans CenterLight ki Sètifye nan Swen Adomisil (CenterLight Home Health Agency, CHHA), ak swen sante CL(CL Healthcare).

CenterLight Healthcare la kapab distribye yon avi konfidansyalite separeman ansanm ak dokiman sou plan sante l yo. CenterLight Healthcare dwe respekte ni avi sa a ni nenpòt lòt avi adisyonèl ki distribye bay patisipan nan plan sante l yo.

KONFIMASYON RESEPSYON

Mwen, _____, rekonèt ke mwen resevwa yon kopi avi sou konfidansyalite CenterLight Health
(Non pasyan an)

System lan

Dat : _____, 20____

Siyati pasyan an